**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

Бердақ атындағы
Қарақалпақ мәмлекетлик университети

Қарақалпақ филологиясы факультети

Журналистика тәлим бағдарының 4-курс студенти
Марина Қурбанбаеваның «Әдебий редакторлаў тийкарлары» пәнимнен жазған

# КУРС ЖУМЫСЫ

**Тема:** **Әдебий редакторлаўда информацияның әҳмийети ҳәм оның тәсиршеңлиги**

**Орынлаған:** **Қурбанбаева М.**
**Қабыллаған:** **Қожықбаева З.**

**НӨКИС – 2014**

# Әдебий редакторлаўда информацияның әҳмийети ҳәм оның тәсиршеңлиги

## Жобасы:

**Кирисиў**

-Информация ҳаққында түсиник

Тәсиршеңликти тәмийинлеўде репортер хызмети

Журналистикада тәсиршеңлик түсиниги ҳәм концепциясы

Тәсиршеңликти тәмийинлеўде қысқалық ҳәм анықлық шәртлери

Конкрет факттың әҳмийетли тәсири

**Жуўмақлаў**

**Пайдаланған әдебиятлар**

# Кирисиў

Информациялар әсири болған XXI әсирди биз, ғалаба хабар қуралларысыз, яғный журналистикасыз көз алдымызға келтире алмаймыз. Ҳәр бир адамда дүньяда болып атырған жаңалықлардан хабардар болып, оны көрип, еситип ҳәм оқып барыўға қандай да бир қызығыўшылық, талап болатуғыны тәбийий қубылыс, әлбетте.

Сонлықтан да, информацияның ең тийкарғы дереклери болған ғалаба хабар қуралларына әзел-әзелден ақ халықлық талап оғада күшли болған. Өйткени информациясыз адамзат жәмийетиниң жасаўы да, оның алға илгерлеп раўажланыўы да мүмкин емес.

Биз информация дереклериниң дәслепки үлгилерин әййемги дәўирлерден-ақ көриўимиз мүмкин. Демек, пүткил жәмийетшилик алдында журналистиканың орны гиреўли екенлиги мойынланған.

Бул пикиримизди Өзбекстан республикасының Президенти И.А.Каримовтың шығып сөйлеўлери, журналистикаға байланыслы ҳүкиметимиз тәрепинен қабыл етилип атырған қарарлар ҳәм Нызамлар арқалы да тастыйықлаўымыз мүмкин.

Елимиз ғәрезсизликке ерискеннен соң, турмысымыздың барлық тараўларындағы сияқлы журналистика тараўында да кең масштабтағы өзгерислер жүз берди. Журналистка тараўына ҳүкиметимиз тәрепинен үлкен дыққат аўдарылып, жоқарыда айтып өткенимиздей бир қанша қарарлар, нызамлар қабыл етилди. Атап айтқанда „Ғалаба хабар қураллары ҳақында“, „Журналистлик кәсипти қорғаў ҳаққында“, „Хабар алыў кепилликлери ҳәм еркинликлери ҳаққында“ ҳәм т.б. Бул жумыслар өз гезегинде журналистлер ушын үлкен таяныш болса, екинши тәрептен олардан өз кәсиплерине жүдә үлкен жуўапкершилик пенен қараўды талап етеди. Өйткени, жәмийетимизде болып атырған өзгерислер, ҳәр күнги ўақыялар, қубылыслар, сиясий жағдайлар, турмысымыздағы шешимин күтип турған машқалалар ҳаққында

мәселелерди көтерип шығып ҳәм оны кең халық массасына жеткеретуғын инсанлар-булар журналистлер болып табылады. Олар ҳақыйқый фактлерге таянған ҳалда, жаңалықларды жәриялаўы ушын публицистиканың түрли жанрларынан кең түрде пайдаланады. Усы басқыш даўамында журналистлер бурыннан бар айырым жанрларды раўажландырып, айырымларын жаңадан қәлиплестирип те барады. Демек, публицистика жанрлары өзгермейтуғын, қатып қалған категория емес. Ол да барлық жәмийетлик қубылыслар сыяқлы ўақыттың өтиўи менен қәлиплесип, жәмийеттиң жетилисиўи менен раўажланып барады.

Усы ўақытқа шекем қарақалпақ журналистикасының түрли тараўлары бойынша (оның қәлиплесиўи, раўажланыў басқышлары, жанрлары ҳәм т.б.) бир қанша илимий изертлеў жумыслары қолға алынған болса да, елеге шекем жуўмақланған илимий мийнетлер жоқтың қасында. Бул бойынша журналистика илими тараўының қәнигелери доцент М.Жумамуратованың демократиялық журналистиканы жетилистириў мәселелерине арналған илимий мақалалары, „Журналистика ҳәм әдебият“ атлы мийнети, ф.и.к. З.Қожықбаева „Қарақалпақ очерклери ҳаққында“, ф.и.к. А.Абдимуратов „Т.Қайыпбергенов публицистикасы ҳаққында“, т.и.к. Д.Бекбаулиев „Ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ баспасөзи ҳаққында“ деген атамадағы кандидатлық жумыслары бул бағдардағы дәслепки қәдемлер болып табылады. Бул мийнетлер қарақалпақ журналистикасы тарийхына ҳәм теориясына тийисли дәслепки илимий жумыслар болып есапланады. Ал, журналистикада информация ҳәм оның жәмийет ушын тәсири мәселелери болса, елеге шекем илимий жақтан анализленбеди. Солай болса да бул мәселени еле илимде улыўма изертенбеген тема деп айта алмаймыз. Буны төмендеги пикирлеримиз бенен тастыйықласақ болады.

Информация ҳаққында түсиник

«Информация» сөзи латын тилинен алынған сөз болып, бизиңше «мәлим етиў», «хабардар етиў», «баянлаў» ямаса «түсиндириў» деген мәнилерге дурыс келеди.

Информация бул жәмийетлик зәрүрлик. Халық ҳәмме ўақытта жаңалық күтип жасайды. Информация – халықтың көз-қарасларын, пикирлерин, түсиниклерин жаңартыўға ҳәм кеңейтиўге жәрдем береди.

Информация-адамыйзатлық қызығыўшылықты кеңейтеди, жәмийетлик турмысқа тартады, көз-қарасын жетилистиреди ҳәм де жәмийетте өзиниң ылайықлы ҳәм жедел орын тутыўға баслайды.

Информация- барлық ўақытта да жәмийетлик, социяллық қубылыс. Ол адамларға, топарларға, жәмийетлик шөлкемлерге хызмет етеди. Ол пуқаралық сезимди тәрбиялайды.

Информация-қандай да бир анық фактлердиң жыйнағы, газетаның үгит-нәсиятлық искерлигин асырыўшы система болып есапланады. Усы ўазыйпасы менен ол бәринен де бурын сиясий қубылыс болып табылады.

Информация-бул тек ғана билдириў емес, ал соның менен бирге фактлерди жеткериў, пикирлерди алмасыў ҳәм және де анық бир басламаның пропагандалық бағыты та болып табылады.

Соңғы ўақытлары китапларда, журналларда, газеталарда информацияның иркинишсиз ямаса тоқтаўсыз өсиўи, раўажланыўы ҳаққында айтылмақта. Бул ҳаққында ҳәм информацияның ҳәр қыйлы аспектлерин гәп етиўши арнаўлы әдебиятлар баспадан шықпақта. Информация түсиниги бойынша дискуссиялар, тартыслы пикирлесиўлер ҳәр қыйлы көз-қараслар айтылмақта. Информацияның математикалық, энергетикалық, кибернетикалық ҳәм тағы басқа да теориялары ҳәм концепциялары пайда болмақта,

бирақ, биз, усы социаллық информацияның, атап айтқанда журналистиклик информация ҳәм оның баспасөз арқалы жәмийетлик турмысқа сиясий тәсирин сәўлелендиретуғынлығы ҳаққында гәп етемиз.

Усы бағдардағы ең тийкарлы изертлеўлердиң бири проф. В.Г. Афанасьеваның «Социаллық информация ҳәм жәмийетти басқарыў»[1] монографиясы болып есапланады. Бунда социаллық информацияның көп қырлы аспектлери, оның тийкарлары, оны ислеп шығыў ҳәм пайдаланыў усыллары ҳаққында кең түрде айтып өтилген.

Журналистлик информация -бул социаллық информацияның ең тийкарғы бөлеги. Ол баспасөз, радио, телевидение арқалы ишки ҳәм халық-аралық, сондай-ақ жергиликли жаңалықларды, жағдайларды оператив ҳәм избе-из баянлайды. Усының менен ол агитация ҳәм пропаганданың ҳәм де шөлкемлестириўдиң ең тийкарғы ўазыйпасын ямаса функциясын атқарады.

Журналистик информацияның теорияары ҳәм әмелиятары сыяқлы, оның машқалалары да үзликсиз өсип бармақта. Бул бағдарда жазылған мийетлердиң бири - «Информацияның баспасөздеги машқалалары»[2] атлы коллективлик монография болып есапланады.

---

[1] Қараң: Афанасьев В.Г. Социальная информация и управление обществом. М., qout.

[2] Қараң: Проблемы информации в печати. М., qouq.

# Тәсиршеңликти тәмийинлеўде репортер хызмети

Репортерлық хызмет ҳәм оның машқалалары жөниндеги мәселе ҳәмме уақытта да журналистика жәмийетинде талас-тартыс пикирлерди пайда етип келеди. Информация машқаласы, газетада информациялық хызметти шөлкемлестириў, репортердың роли ҳәм искерлик өзгещеликлери ҳәр жыл сайын журналистикалық баспаларда талықланып турады.

Репортер - бул жаңалықлар бөлиминиң ең тийкарғы хызмети информациялық хызметтеги жетекши журналист болып есапланады.

Репортер-бул жаңалықтың ең бир шаршамайтуғын агенти, руўхый халықшыл шөлкемлестириўши хызметкер. Ҳақыйқый репортер ҳәмме уақытта халық арасында , халықтың ең тығыз жайласқан жеринде анығырағы ҳәзирги заман дөретиўши тарийхының арасында болыўы керек. Булсыз ол шеберликке, репортерлық тапқырлыққа ерисе алыўы мүмкин емес. Репортер ҳәмме нәрсени билиўге ҳәўес, қызығыўшаң, тез ҳәм қысқа , әпиўайы ҳәм қызықлы етип жазыў уқыбына ийе болыўы керек. Соның менен бирге тәртип қағыйданы, нызамды  жақын арада болатуғын уақыяларды алдын ала билетуғын болыўы керек. Шет ел ҳәм орыс журналистикасы тарийхы бизге коплеген әжайып репортерлық искерлердиң үлгилерин корсетти. Олардың арасынан  Гиляровский, М. Горький, М. Колцов, Эгон Эрвинский, Юлиус Фучик сыяқлы өзининң көплеген дөретиўшилин репортерлыққа сарп еткен атақлы репортерларды атап өтиўге болады. Россиядағы ең дәслепки ҳәм белгили репортерлардың бири В.А. Гиляровский.

Репортердың ең тийкарғы қәсийетлерининң бири қысқа, анық, саўатлы ҳәм оператив жазыў уқыбына ийе болыўында көринеди.

Редакция жумысын шөлкемлестириўде үйренилген журналистлик ямаса репортерлық хызметтиң еки тәрепи көзге тасланады. Биринширен редакция жәмәәтине киретуғын журналист ямаса репортер хызметин жеке дөретиўшилик хызмет сыпатында қараў.

Екиншиден, усы жеке хызметтен туратуғын редакциялық жәмәәттиң жумысларын шөлкемлестириў.

Редакция жәмәәтиниң жумысларын шөлкемлестириўдиң бул еки тәрепи бир-бири менен тығыз байланыста болады.Бул өз ара тәсир етиў ҳәм байланыслық журналисттиң ямаса репортер мийнетлериниң өзгещелигинен келип шығады. Репортер хызметлериниң ең әҳмийетли өзгешеликлериниң бири оның сиясий жәмийетлик сыпатында көринеди, яғный илимий мийнетлеринде көрсетилгениндей журналистика жәмийетлик сиясий хызметиниң әҳмийетли тараўын қурайды. Ол ҳәмме ўақытта сиясатқа органикалық байланысқан болады. Әлбетте, сиясий сыпатқа ийе басқа да жәмийетлик хызмет түрлери болыўы мумкин. Бирақта олар журналист сыяқлы массалық аудиторияға оператив ҳәм жәриялылық пенен тәсир етиў мумкиншилигине ийе емес, демек журналист ҳәрекетке күнделикли араласыў ҳәм бул ҳәрекеттиң тиккелей рупоры бола алыўы мүмкиншилигине ийе. Журналист ямаса репортер хызметлериниң және бир өзгешеликлериниң бири бул оның жеке жәмийетлик характеринде көринеди. Қәлеген редакцияда ямаса ҒХҚ да жумыс ислеп атырған журналист өзиниң шығармасын өзи жазады. Бирақта ол газеталаорда ямаса ҒХҚның қәлеген түринде жәрияланғаннан соң ол коллективлик ямаса жәмийетлик жумыс болып қалады. Журналисттиң әдебиятшыдан айырмашылығы ол редакция атынан сөйлейди. Бул оның жеке коллективлик жумысы болып есапланады.

В.Гиляровский ҳақыйқатында да шаршамайтуғын репортер болған. Сонлықтанда оны репортаж патшасы деп атаған. В.Гиляровскийдиң репортерлық доретиўлери „Трущебные люди“, „Москва и москвичи“, „Московские нищие“ ҳәм т. б. топламлары басылып шығарылды.

Репортерлық хызмет үлгилерин М. Кольцов дөретпелеринде көриў мүмкин. Оның көпшиликке белгили болған „Белая бумага“, „Семь дней в классе“, „Три дня в такси“, „В закcе“ мийнетлери бар. Сондай-ақ Б.Горбатов, Л.Рейснер, М.Розонфелда, Моретти Шагиян сыяқлы атаманы репортерлардың атлары журналистика тарийхынан орын алған. Орыс журналистикасы тарийхы репортерлық жанрының тийкарын салыўшыларының бири Гараданкин болып есапланады.

Репортердын хызмети- ҳәммеге жаңалық жеткериў. Сонлықтан олар бүгинги ўақыяларды тарийх бетлерине қалдырады. Олар бүгинги орталықтан алдын да қәдем таслап , жабық есиклерди қағады, ҳәрекетшең болып шынлық дерегине излеў салады. Репортердың айырмашылығыда сонда, ол уақыя , жаңалықлардан өзге хабардар болған мәҳәлде аудиторияны да таныстырады. Жақсы репортер болыў ушын оперативлик, шарияtқа конлигиў менен бирге айырым техникалық қураллар ҳәм руўхый жетиклик талап етиледи. Сондай-ақ бунда инсан характери де үлкен роль ойнайды.

## Журналистикада тәсиршеңлик түсиниги ҳәм концепциясы

Адамзат өз өмириниң, өз раўажланыўының барлық басқышларында ең дәслеп, тынышлық, татыўлық ҳәм парахат турмысқа умтылып жасайды. Тыныш, парахат турмыс ғана ҳәр бир елдиң, гүллеп раўажланыўының ең тийкарғы гиреўи бола алады. Мине, усы тынышлықтың жәҳән бойлап ҳәм мәңги өмир сүриўи әлбетте, жер жүзинде жасаўшы барлық халықлардың, миллетлердиң, еллердиң татыў қарым-қатнасына тиккелей ғәрезли. Сонлықтан да бул мәселе жүдә үлкен жууапкершилик, күтә айрықша дыққат ҳәм ақыл парасат пенен алып барылыўы лазым ўазыйпалардың бири болып саналады.

Айтып өтиў лазым, өтиў дәўириниң ҳәзирги аўыр ҳәм машақатлы жағдайлары, миллий сана-сезимди қайта тиклеўге, миллетлер аралыЗ қарым-қатнас ҳәм бирге ислесиўге, жаңа демократиялық жәмийет қурыў машқалаларын шешиўге айрықша дыққат қаратыўды талап етпекте. Бул жағдайлар өз-өзинен алдыңғы интеллегенция ўәкиллери болған журналистлерге, „Төртинши ҳәкимият“ болған ғалаба хабар қуралларының алдына еки есеге артық талап ҳәм ўазыйпалар қойылмақта. Себеби, олар жәмийеттиң сиясий, экономикалық, мәдений ҳәм илимий өмири менен тең қәдем таслап барыўы, ҳәр қандай дәўирде де, ҳәр қандай жағдайда да дүньяның ең баслы мәселелерин кең түрде ҳәм кешиктирместен сәўлелендирип барыўлары лазым. Ал, миллетлер аралық қарым-қатнасықлар ҳаққындағы мәселе бүгинги күнги ең баслы, ең тийкарғы, ең глобаль мәселелердиң бирине айналып бармақта.

Пүткил дүнья жүзи халықларының бир-бири менен қарым-қатнас, бирге ислесиў мәселлелерине тоқтап өтпестен алдын, Өзбекстан елимиздиң соңғы жыллардағы дүнья халықлары менен байланысларына көз жуўыртайық.

Елимиздиң ғәрезсизликке ерискенине онша көп ўақыт болмасада, өткен қысқа дәўир ишинде Өзбекстанның суверенли мәмлекет сыпатында қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы ушын Президентимиз И.А.Каримовтың басшылығында көп ғана ибратлы ислер әмелге асырылды. Бүгинги күнге келип Өзбекстан дүньяның 165 мәмлекети менен қарым-қатнас жасайды. 120 дан аслам еллер менен рәсмий дипломатиялық келисимлер дүзилген. Пайтахтымыз Ташкентте 35 мәмлекеттиң елшиханасы бар. Ең абыройлы ҳәм тәсири күшли халық - аралық шөлкемлердиң қурамына кирген болып, барлық континентлердеги бир неше онлаған мәмлекетлер менен дослық байланыслары раўажланып бармақта.

Бул қарым-қатнаслар ҳәм байланыслар жәмийеттиң барлық тараўлары бойынша: ең ири банк ҳәм финанс уйымларының, мәмлекетлик емес ҳәм ҳүкиметлик емес шөлкемлер менен бирге алып барылмақта. Мәмлекетимизде 88 сырт ел мәмлекетлериниң ўәкилханалары дизимге алынған болып, 24 ҳүкиметлер аралық шөлкем ҳәм 13 ҳүкиметлик емес шөлкемлер жумыс алып барады. Өткен жыллар даўамында елимиз көплеген оғада үлкен әҳмийетке ийе халық-аралық конвенцияларға қосылды.

Сыртқы сиясий ҳәм экономикалық байланысларды қәлиплестириўде ҳәм де беккемлеўде Өзбекстан өз ғәрезсизлигиниң

дәслепки жылларында-ақ тийкарғы тирениш болатуғын принциплерин ислеп шықты. Яғыный бул бойынша:

биринщиден: өз-ара мәплерди ҳәр тәреплеме есапқа алыў менен миллий мәмлекетлик мәплердиң үстинлиги;

екиншиден: тең ҳуқықлы ҳәм өз-ара мәпдарлық басқа мәмлекетлердиң ишки исине араласпаў;

үшиншиден: идеологиялық көз-қараслардың қандай екенлигине қарамастан бирге ислесиў ушын ашықлық, улыўма инсаный қәдриятларға парахатшылық ҳәм қәўипсизликти сақлаўға садықлық;

төртиншиден: халық аралық ҳуқық нормаларының мәмлекетлик ишки нормалардан үстинлиги;

бесиншиден: сыртқы байланысларды еки тәреплеме келсимлер тийкарында да, көп тәреплеме келисимлер тийкарында да раўажландырыў.

Мәмлекетлер аралық, миллетлер аралық қарым-қатнасықларға тарийхый нәзер тасласақ, оның әсиресе XX әсирдиң ақырларына келип ҳәўиж алғанлығын көриў мүмкин. Бул дәўирлерге келип жер жүзинде геосиясий әҳмийети ҳәм көлеми бойынша өзгерислер жүз берди. Бундай өзгерислер бурын ҳеш бир мәмлекеттиң тарийхында ушырамаған. Демек, мәмлекетлер арасындағы өз-ара қатнасықларда қәлиплескен бундай көз- қараслар ҳәр тәреплеме терең ой менен ис жүритиўди ҳәм де қайта баҳалаўды талап ететуғыны сөзсиз. Бурын халық аралық байланысларға тийкар болған қәделер, прициплер ҳәм идеялары түпкиликли қайта қарап шығыў нәтийжесинде пүткил дүнья бир тутас ҳәм бир-бирине байланыслы системаға айланды. Демек, бул өз өзинен көринип турғанындай-ақ ҳеш бир мәмлекет,

ҳеш бир миллет, ҳеш бир ел өз-өзинен бөлекленип ямаса жеккеленип қала алмайды дегенди аңлатады. Ал бул жағдайлар, ҳәзирги халық аралық байланысларды қәлиплестиргенде халық аралық структуралар менен өз-ара бирликте ҳәрекет еткенде ҳәм олардың жумысларына қатнасқанда пүткиллей жаңаша қатнасықларды ислеп шығыў зәрүрлигин келтирип шығарады. Бул бойынша Президентимиз И.А.Каримов: „XXI әсир, сөзсиз, халық аралық қатнасықларда пүткил дүньяны қамтыйтуғын әсир болады. Бундай шараятта интеграция процессин, халық аралық институтлар ҳәм шөлкемлерде суверенли мәмлекетлердиң қатнасыўын кеңейтиўди тек тарийх талабы емес, ал, айрым регионлар көлеминде де, сондай-ақ пүткил планета көлеминде де беккемлик ҳәм турақлылықтың қүдиретли факторлары деп есаплаў зәрүр“[1] - деп көрсетеди.

Әлбетте жаңа ғәрезсиз болып бой тиклеген ҳәр бир ел, ҳәр бир мәмлекет, ҳәр бир халық ушын бәриненде бурын сыртқы сиясаттың ақылға уғрас муўапықлыққа ҳәм мәмлекеттиң, жәмийет ҳәм инсанның узақты гөзлеўши мәплерине тийкарланған негизги принциплерин қатаң сақлаў шешиўши әҳмийетке ийе болып есапланады.

---

[1] И.А.Каримов. Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўип, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери. Н-„Қарақалпақстан“- qooi-жыл 292 бет.

## Тәсиршеңликти тәмийинлеўде қысқалық ҳәм анықлық шәртлери

А.Наўайының бир ҳикметли гәпи бар: „Шын сөз уллы, жақсы сөз мухтасар“, ҳақ гәп. Пикирди қысқаша баянлаў, аўыз еки ҳәм жазба баянлаў (суўретлеў) ушын да пайдалы. Туўры кимдур пикирин созып баянлайды, кимдур бузып, ҳәр екеўи де қолайсыз. Созылғанда пикир түсиниклилиги жоғалады. Бул адамды зериктиреди, итибарын қайтарады. Бузыў болса тилдиң ишки имканиятларын, сөз орны ҳәм мәнисин билмесликтен дерек береди. Пикирди қысқаша баянлай алыў шеберлик белгиси. Бирақ, буның ушын тынбай излениў, көнликпе керек. Жақсы журналист он қатарда тәрийпленген пикирди еки қатар арқалы да жеткере алады. Буның ушын ол тилди билиўден гөре қәлемге алынған мәселениң мазмунына тереңирек кирип барыўы лазым.

*Анықлыққа умтылыў.*

Әлбетте,егер сиз жаңалықлар бөлиминиң редакторы болғаныңызда, репортердың анықлыққа умтылыўын жоқары баҳалайсыз ҳәм буны жақсы түсинесиз. Ҳәр бир информациядағы анық фактлер өз ўақтында берилиўи менен адамлар ушын баҳалы болады. Анық мәлимлеме алыў ушын төмендегилерге итибар бериўиңиз керек.

Дәслеп анық, адамның айтқанын дурыс пленкаға жазыў ҳәм соңынан қағазға жазған мақул. Соның менен бирге дыққат пенен итибарлы болып материалыңыздағы факттың анықлығы менен сол ўақыяның көриниси ҳәм атмосферасына байланыслылығында есапқа алыў лазым. Жәнe сиз қәўипли ҳәм шөлкемлестирилген исенимли жаңалықларды аўдиторияға жеткере алмайсыз. Бундай материалларды баспа сөз бетине киргизиў ҳаққында улыўма ойлаўдың кереги жоқ.

Ҳәр бир репортер өз жаңалығының анық екенлигине исенген ҳалда аўдиторияға жеткериўи зәрүр.

*Ҳеш қашан шамалап айтпаңыз.*

Бул ҳәмме шамалаўға тийисли логикалық факт және ҳәм усыл жағынан да байланыслы. Көп жағдайларда репортер шамалап айтыўға дус келеди. лекин бул нәрсе қәўиплирек . Сонлықтан шамалаў, тәўекелшиликтен жырақта болыў репортерды ҳәр қандай жуўапкершиликтен азат етеди. Тек ғана сизге аян нәрсе ҳаққында жазың, ал шама- шамадан артық емеслигине әҳмийет бермең. Солай етип, анық емесликтен, жалғанлықтан қашың. Адамларды алдамаң, сонда ғана өз жумысыңызды сақлап қаласыз.

1. мысал. Көп тийражлы Британия газетасының бири штатсыз авторынан сүўрет алды. Онда шахзада Чарльз ҳаялды қушақлап тур. Ол өзиниң ҳаялы емес. Яғный, бул сүўреттиң мазмуны сатсиз некени көрсетеди. Газета сүўретти шахзаданың романы басланғанын тийкар етип алды. Сол уақыттағы бул тийкар олардың шамалаўы еди. Лекин олар қатты қәтелести. Ақ қан кеселинен қайтыс болған төрт жасар баланы жерлеў мәресиминен түсирилген бул сүўретти газета билген жоқ. Онда шахзада аза тутқан анаға тәселле берип атырған еди.

# Конкрет фактпың әҳмийетли тәсири

Биз оқытыў, еситиў ҳәм көриў арқалы қабыл ететуғын жаңалықларымыз, хабарларымыз ҳәм информацияларымыз әдетте, газета, радио ҳәм телевидение арқалы жәмийетшиликке жетип барғанға шекем бир қанша басқышлардан өтеди. Журналисттиң мәлимлемени таярлаўы-тема таңлаў, факт топлаў, жазыў ҳәм жәриялаў, оны жеткизиў машақаты қанай да бир қағыйда ҳәм усылар арқалы әмелге асырылады.

Журналистлик информациялардың басламасы әҳмийетли фактлерди топлаў басқышы менен басланады. Факт -бул информацияның жүреги. Информацияға тийкарынан жаңалықларға тийкар болыўшы фактлердиң өзине сай тәбияты бар. Таңланған тема бойынша жәмленген фактлер нәтийже итибары менен түрленеди. Оларды зәрүрлигине қарай исенимли яки исенимсиз, ўазыйпасын қарай тастыйықлаўшы яки бийкар етиўши, ўақтына қарап өткинши яки даўамлы, мазмунына қарап анық яки анық емес, хызмет шеңберине қарап улыўма яки жеке, әҳмийетине қарап жоқары яки төмен, қатнасына қарап қалыс яки қалыс емес фактлерге бөлиў мүмкин.

Журналист теманы ашып бериў, белгиленген мақсетлерге ерисиў ушын, идеялық мақсетти әмелге асырыў ушын фактлердиң сол тәреплерин де терең үйрениўи керек.

Фактлер бәрҳа ҳақыйқатлықты дәлиллеўге хызмет қылады. Бири улыҳма, екиншиси болса белгили дәрежеде ҳақ. Бир-бирине қарсы идеялар, көз-қарасларды қорғаўшы күшлер бир-бирине мүнәсибетлерин фактлер тийкарында билдирген. Факт ҳәм ҳақыйқатлық. Булар өз-ара байланыслы түсиниклер. Лекин белгили

бир дәўир ушын улыўма ҳақыйқат болған фактлер тарийхта кейинги дәўирлерде бийкарланыыўы да мүмкин.

Бундай жағдайлар көбинесе, социаллық дүзим, идеология, дүньяға көз-караслар, жәмийелик өзгерислер болған ўақытта жүз береди. Тийкарғы фактлик материалға байланыслы болған қосымша, жәрдемши фактлерди топлаў да информациялар жазыў ўақтына шекемги болған тийкарғы басқышта шөлкемлестириледи.

Барлық информацияларда фактлер ишиндеги ең тийкарғысын анықлаў, яғный, биринши ҳәм екинши дәрежели фактлерди парқлаў зәрүр. Топланған фактлердиң айырымлары бирин-бири толықтырыўға хызмет етсе, айырымлары бирин-бири бийкарлайды да. Журналист тәсиршеңликти тәмийнлеў ушын не жазбақшы, не ҳаққында суўретлемекши болса, соған байланыслы болған фактлерди үзиликсиз қойын дәптершесине жазып барыўы керек. Тийкарғы факт-бул нәтийже деген сөз. Ал, ҳәр қандай нәтийже себептиң ақыбети, мийўеси. Информацияларда болса әне сол тилге алынған нәтийжене себеп болған мүнәсибет, қарым-қатнас айқын сезиледи.

Журналист мәкан ҳәм заман көз-карасларынан қәлемге алынған хабардың кешесине себеп болған ҳәм ертеңине себеп болыўшы мағлыўматларды аңлаўы да керек. Топлаў барысының өзинде-ақ, журналист хабардың қамлай тарийхын сызады. Жаңалықлардың тийкарғы нәтийжесине байланыслы болған барлық фактлерди жыйнап улыўмаластырады. Информацияға (жаңалыққа) тийисли қанша көп факт жыйналса, оның мазмунына сонша тереӊ кирип барған болады.

Фактлерди жыйнаўда үзликсиз ўақыя-ҳәдийсениң өзине тийисли болған дәлиллерге сүйенсе, екиншиден сол ҳәдийсени көрген, еситкенлердиң пикирин тыңлап өтеди. Мағлыўматлар жыйнаўдағы жағдайлар фактлик материаллар менен байланыслы.

Информацияларда санлар, түрли атамалар, дәлиллер, географик атамалар анықлық пенен конкрет факт тийкарында берилиўи зәрүр.

Информацияның тийкарында факт турады, лекин ҳәр қандай жаңа факт те информация бола алмаслығы мүмкин. Публицист Ю.Корнилов „Факт информацияның жүреги болса, жаңалық оның қәлби“-дейди. Информация тийкарындағы факт жәмийетшиликтиң дыққатын тартыўы зәрүр. Журналист соның ушын да биринши абзацтан мақсетти анық қоя билиўи керек. Демек, журналист жаңа факт ҳәм ҳәдийсени жарытыўда нелерге итибар береди.

БиринШиден: қәлемге алынып атырған пикирдиң зәрүрлигин белгилеў мақсетинде оны соған фактлер арасындағы орнын анықлаў лазым.

Екиншиден: оған берилетуғын экономикилық, географиялық ҳәм тарийхый тәреп фактиң нәтийжесин ҳәр тәреплеме толығырақ ашыўға хызмет етеди.

Үшиншиден: өз-ара сәйкеслесиў мақсетинде статистикалық тәрептен санлар көрсеткиши менен тәрийилениўи зәрүр.

Төртиншиден: сол фактке байланыслы болған тараў саласының пикирин келтириў арқалы өз мүнәсибетин билдириўи де анық ҳәм айқын болады.

# Жуўмақлаў

Биз курс жумысымызда әдебий редакторлаўдың соңғы көриниси- тәсиршеңлик ҳаққында сөз еттик. Тийкарынан информациядағы тәсиршеңликти үйрендик. Усы тийкарда репортердың атқаратугын хызмети ҳәм тәсиршеңликке тийкар болыўшы факторларда келдирдик.

Әдебий редакторлаў пәни бирнеше пәнлар бенен байланысла әмелге асырылады. Факт пенен ислесиўде анықлықты анықлаў ушын философия менен байланыскан болса. Тасиршеңликти жокары дәрежеге көтериў ушын тил билими нормаларын сақлаўы керек. Сонда гана әдебий редакторланган шығарманың тәсиршеңлик шеңбери өседи.

Ҳәр қандай шығарманың жүреги –факт болып есапланады. Сонлықтан журналистлер қайсы тараў туўралы. Кандай жанрда қәлем тербетпесин алған фактиниң айқынлығына, дурыслығына исеним пайда болганнан соң пайдаланыўы керек. Факт пенен ислесмиўде төмендеги қаделерди билип алған жөн:

1) Объект хаққында түсиникке ийе болыў;
2) Қаҳарманының аты жөнин дурыс жазыў;
3) Топланган фактлерди және бир мәртебе тексерип көриў;
4) Факттиң жаналығына итибар бериў ҳәм тәсир етиўши айрықшасы менен мақаланы баслаў.

Репортердың жумыс столында ҳәмийше қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги, Каракалпақ тилиниң синонимлери сөзликлери турыў арқалыга тасиршеңлик шеңберин үлкейтиў имканы бар.

Пайдаланған әдебиятлар:

1.Муминов Ф. А. Журналистика самарадорлиги бўйича маърузалар матни

2.Свитич Л.Г. Эффективность журналистской деятельности М.МГУ 1986

3.Цукасов С.В. Эффективность прессы: журналист, редакция, читатель М. Высшая школа, 1986

4.Проблемы эффективности журналистики. Под ред. Я.Засурского, З.Шумберы М.,Мысль 1979

5.Кондрашов П.В. Формула эффективности прессы. М., Мысль qoi0.

6.Социологические исследования эффективности журналистики. Под. ред. Я.К.Засурского. М., МГУ., 1986

7. Эффективност журналистской строки. В.А.Моисеев, В.П.Бакуленко и др. Киев ГУ 1987